

The University of the State of New York
REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATIONISTWA ETAZINI AK
GOUVÈNMAN

Jedi, 26 Janvyè, 2006 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl a _____

Ekri non ou ak non lekòl ou nan liy anlè yo ak lèt enprime. Apre, vire jiska dènye paj livrè sa a, se fèy repons pou Pati I an. Pliye dènye paj la sou pèforasyon yo, e dousman e ak atansyon, detache fèy repons lan. Apre sa ranpli tèt fèy repons ou an. Kounye a, mete non ou ak non lekòl ou nan tèt chak paj nan livrè pou redaksyon an.

Tès sa a gen twa pati. Fòk ou reponn tout kesyon nan **tout** pati yo. Itilize plim nwa osnon ble maren pou ekri repons ou yo.

Pati I genyen 50 kesyon ak chwa miltip. Enrejistre repons kesyon sa yo nan papye repons lan.

Pati II genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou yon sijè. Ekri repons kesyon sa a nan livrè redaksyon an, kòmanse ak paj 1.

Pati III baze sou plizyè dokiman:

Pati III A genyen dokiman yo. Chak dokiman gen youn ou plis kesyon apre li. Nan livrè tès la, ekri repons ou genyen pou chak kesyon sou liy ki apre kesyon an. Fòk ou si ke ou ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj seksyon sa a.

Pati III B genyen yon kesyon redasyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan livrè redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè ou fini ak ekzamen an, fòk ou siyen deklarasyon ki nan fèy repons Pati I an, ki vle di ke ou pat gen okenn konesans kesyon oubyen repons yo anvan ekzamen an, epi ou pa ni bay ni pran poul pandan tès la. Yo pap ka aksepte fèy repons lan si ou pa siyen deklarasyon an.

Li sevèman entèdi pou ou itilize aparèy kominikasyon pandan ekzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, ekzamen ou an pap valab ankò e ou pap resevwa nòt pou li.

PA OUVRI LIVRÈ EKZAMINASYON SA A TOUTOTAN YO POKO BA OU SIYAL.

Pati I

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Direksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oubyen kesyon, ekri sou fèy repons lan *nimewo* mo a oubyen ekspresyon an ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon an.

- 1 • Vil James, te kreye nan lane 1607
 - Kolony Plimout , te kreye nan lane 1620
 - Nouvo Amstèdam, te kreye nan lane 1624

Premye koloni sa yo te sanble paske yo chak te

 - (1) nan kòmansman yon ranje montay
 - (2) tou pre lakòt
 - (3) nan yon klima arid
 - (4) nan zile nan lòt peyi
- 2 Pandan premye tan lane 1700 yo, politik Angle pou salitè neglije koloni Ameriken yo te vin lakòz
 - (1) yon bès nan faktori kolonyal yo
 - (2) yon bès esklavaj nan koloni nan nò yo
 - (3) enfliyans Franse ak panyòl bese nan Amerikdinò
 - (4) devlopman echanj kolonyal endepandan
- 3 Nan deklarasyon Endependans la, pwèn ki pale pou pran libète nan men Angle yo chita an premye sou
 - (1) teyori dwa diven James I te pale
 - (2) prensip ekonomik Adam Smith te mete kanpe
 - (3) teyori kontra sosyal gouvènman John Locke te devlope
 - (4) kwayans nan yon gouvènman santral ki fò Alexander Hamilton te pale
- 4 Baz konstitisyonèl pou separasyon legliz ak leta a se
 - (1) pati ki pale sou moun k ap dirije yo nan le Amannman an
 - (2) rezèv sou jwèt doub nan 5kyèm Amannman an
 - (3) pouvwa rezève nan 10zyèm Amannman an
 - (4) pati ki pale sou pwoteksyon egal nan 14zyèm Amannman an
- 5 Ki deklarasyon ki montre yon karakteristik gouvènman an Atik Konfederasyon yo te defini?
 - (1) Yon Lakou Siprèm te gen otorite pou deklare aksyon Kongrè a pa konstitisyonèl.
 - (2) Gouvènman nasyonal la te kontwole komès ant eta yo.
 - (3) Prezidan an te gen kontwòl pou kont li sou politik etranje.
 - (4) Yon sistèm te kreye pou bay eta yo plis pouvwa.
- 6 Pandan Administrasyon Wachinnton nan ki aksyon ki te mennen Rebelyon Wisky a nan lwès Pennsilvani?
 - (1) adopsyon yon nouvo taks endirèk
 - (2) fòmasyon yon kabinè prezidan
 - (3) kreyasyon Bank Etazini a
 - (4) entèdiksyon esklavaj nan Teritwa Nòdwès yo
- 7 Politik etranje George Washington, Thomas Jefferson, ak James Monroe te sanble paske yo chak
 - (1) te sipòte lagè kont Langletè
 - (2) pat rive achte nouvo teritwa
 - (3) te eseye evite rantre nan zafè Ewopeyen yo
 - (4) te ede Franse yo epi mande Franse yo ede yo nan Lagè Revolisyon an
- 8 Ki aksyon yo konsidere kòm yon pati konstitisyon an men ki pa sou papye ?
 - (1) lè Sena a ap ratifye yon trete
 - (2) fòmasyon premye de pati politik yo
 - (3) kreyasyon yon sistèm tribinal federal ladan li Lakou Siprèm
 - (4) veto prezidan an sou pwojè lwa Kongrè a pase

Sèvi ak desen ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 la.



9 Ki prensip nan konstitisyon an desen sa a montre?

- (1) federalis
- (2) souverènte popilè
- (3) analiz lwa a
- (4) chèk ak balans

10 “Kèk dwa ki site [liste] nan Konstitisyon, pa ta dwe tradwi [entèpretè] pou entèdi oubyen pou pa apresye [degrade] lòt dwa yo pèp la chwazi.”

— 9vyèm Amanman Konstitisyon Etazini

Rezon ki pi posib ki fè yo te mete amannman sa a nan Deklarasyon Dwa moun se pou

- (1) ogmante pouvwa federal sou pèp la
- (2) mete plis kontwòl leta sou moun
- (3) pwoteje dwa anplis sa ki nan Konstitisyon an
- (4) anpeche Kongrè a bay moun dwa anplis

11 “Etazini ni okenn lòt Eta pa dwe entèdi oubyen redwi dwa sitwayen Ameriken genyen pou vote baze sou ras, koulè oubyen sityasyon esklavaj yo te ye anvan. . . .”

— 15zyèm Amanman, Seksyon 1, Konstitisyon Etazini, 1870

Ki aksyon Eta nan Sid yo te pran pou anpeche Afrikenameriken yo jwi dwa amannman sa a garanti?

- (1) sispann petisyon abeyas kòpous la epi retire dwa fanm yo genyen pou yo vote
- (2) kolekte taks vòt epi egzije yon tès pou wè si moun yo konn li
- (3) mete kondisyon relijyon ak papye tè pou vote
- (4) aplike Kòd Nwa epi louvri lekòl ki gen segregasyon

12 Desizyon Lakou Siprèm nan jijman *Plessy* kont *Ferguson* (1896) te gen yon gwo enpak sou lavi Afrikenameriken yo paske li te fè konnen

- (1) segregasyon te ilegal kote y ap bay edikasyon
- (2) vote se yon dwa Konstitisyon an garanti
- (3) mwayen leta bay kapab separe men dwe menm jan pou tout moun te legal
- (4) okipasyon militè nan Sid la pat konstitisyonèl

13 Ki aksyon gouvènman federal la fè nan fen ane 1800 yo ki se yon egzanpm nativis?

- (1) li adopte Ak Eksklizyon Chinwa
- (2) li kreye tribi nan Lès la
- (3) li bay fèmnye nan lwès yo èd lajan
- (4) li sipòte konstriksyon wout pou tren pou travèse kontinan an

14 Ki gwo chanjman nan popilasyon an nan fen lane 1800 yo ki se rezilta endistriyalizasyon?

- (1) moun na zòn nò yo al nan zòn Senti Solyèl la
- (2) moun nan zòn riral yo al nan vil yo
- (3) klas travayè a sòti nan vil al nan pwovens
- (4) Afrikenameriken sòti nan Nò yo ale nan Sid

Sèvi ak desen anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 15 ak 16 la.



“Bèl woz Ameriken an kapab pwodwi nan tout bote li sèlman si yo sakrifye ti boujon ki grandi bonè ozalantou li.

— John D. Rockefeller, Jr.

Sous: Guy R. Spencer, *The Literary Digest*, May 1905 (adapte)

- 15 Ki lide nan fen lane 1800 an yo asosye pi plis ak desen sa a?
- (1) kapitalis regilarize
 - (2) enpo sou revni pwogresif
 - (3) Dawinis Sosyal
 - (4) Levanjil richès
- 16 Pandan premye tan lane 1890 yo, gouvènman federal la te jere sitiyasyon tankou sa ki nan desen an konsa
- (1) monte tarif sou enpòtasyon gaz
 - (2) bay ti biznis yo èd ekonomik
 - (3) jije biznisman k ap bay kòb anba epi ki nan koripsyon
 - (4) adopte Lwa Sherman kont Monopòl la

- 17 Pandan fen lane 1800 yo, anpil plantè te dakò ak lide libète pou kreye lajan san limit la ta kapab
- (1) mete fen nan fèm sibvansyon
 - (2) ede fèmnye yo peye dèt yo
 - (3) desann pri pwodwi pou moun sèvi yo
 - (4) diminye pri tè pou plante yo
- 18 Ki tè ki pi byen dekri Theodore Roosevelt, John Muir, ak Gifford Pinchot?
- (1) filantwopis
 - (2) konsèvasyonis
 - (3) jounalis sansasyonèl
 - (4) kaptèn endistri
- 19 Pandan Lè Pwogresif la, anpil eta ak gouvènman lokal adopte inisyativ, referandòm, epi rantrè lwa ki
- (1) te elimine nesosite pou kolèj elektoral
 - (2) te kreye komite aksyon politik yo (PACs)
 - (3) te bay votè plis vwa dirèk nan gouvènman an
 - (4) te fè wòl kabinè prezidan an vin pi fò
- 20 Trajedi dife ki te pran nan Konpayi Triangle Shirtwaist nan lane 1911 te atire atansyon nasyonal sou nesosite pou
- (1) anpeche imigrasyon ki sòti nan Lewòp di Sid
 - (2) mete sèvis ponpye ki travay tout lè
 - (3) pwoteje sekirite travayè yo
 - (4) amelyore kondisyon moun k ap viv nan lojman yo
- 21 Yo te pwopoze Katòz Pwen Prezidan Woodrow Wilson yo pandan Premye Gè Mondyal la premyeman pou
- (1) defini objektif apre gè a pou Etazini
 - (2) fè plan estrateji militè pou Etazini
 - (3) pouse lòt nasyon demokratik pou vin jwenn Etazini
 - (4) bay politik izolasyonis Etazini a plis fòs

- 22 Pou amelyore distribisyon lajan epi garanti gen ase lajan, Prezidan Woodrow Wilson te mande Kongrè a
- (1) elimine etalon lò a
 - (2) limite investisman etranje
 - (3) bay asirans pou lajan moun depoze labank
 - (4) kreye Sistèm Rezèv Federal la

- 23 Doktrin danje aklè ak prezan an nan *Schenck kont Etazini* (1919) pèmèt gouvènman an
- (1) deklare lagè kont nenpòt nasyon ki atake Etazini
 - (2) anpeche pawòl ki menase sekirite nasyon an
 - (3) retire monopòl ki anpeche konpetisyon ant biznis
 - (4) kraze òganizasyon ki menase dwa sivil lòt moun


- 24 Nan lane 1920, fanm te vinn gen dwa vote akòz
- (1) lòd prezidan an
 - (2) desizyon Lakou Siprèm
 - (3) eleksyon nasyonal
 - (4) amannman konstitisyon an

- 25 Menas Wouj, Lwa sou Orijin Nasyonal nan lane 1920 yo, ak santans nan jijman Sacco ak Vanzetti a se egzanm konpòtman negatif Ameriken kont
- (1) imigran
 - (2) chèf biznis
 - (3) Afriken Ameriken
 - (4) chèf sendika yo

- 26 Amelyorasyon teknik prodiksyon an mas te afekte ekonomi Ameriken nan lane 1920 yo lè
- (1) li redwi pri pwodwi konsomatè yo
 - (2) li desann kalite majorite pwodwi yo
 - (3) li lakòz plis chomaj
 - (4) li desann kantite pwodwi ki fèt nan faktori yo

- 27 Jijman Eskops nan lane 1925 se yon egzanp
- (1) konsekans asimilasyon nan kilti Ameriken an
 - (2) konfli ant lide lasyans ak kwayans relijye yo
 - (3) ogmantasyon vyolans nan sosyete Ameriken an
 - (4) entèvansyon gouvènman an nan konfli ant ras

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 28 la



Sous: Robert A. Divine et al., *America: Past and Present* HarperCollins, 1995 (adapte)

- 28 Ki rejyon nan Etazini ki te pi soufri dirèkteman nan Kivèt Pousyè a ?
- (1) Sidwès
 - (2) Nòdwès Pasifik
 - (3) Mòn wòch yo
 - (4) Gran Plenn yo

29 Ki deklarasyon sou program Nouvo Kontra Franklin D. Roosevelt la ki pi vre?

- (1) To tarif Pwotektif yo monte.
- (2) Progam èd sosyal yo te vinn pi plis.
- (3) Gouvènman an te enpoze mwens lwa sou biznis.
- (4) Sipò gouvènman an pou konsèvasyon anviwonman an fini.

Sèvi ak sitasyon anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 30 la.

“ . . . Moun nan Lewòp ki ap defann tèt yo pa mande nou pou goumen pou yo. Yo mande nou pou materyèl lagè yo, avyon yo, tank yo, zam yo, avyon kago yo ki ap pèmèt yo goumen pou libète yo ak pou sekirite pa nou. San okenn dout nou dwe ba yo zam sa yo, ba yo yon kantite ki ase epi byen vit, pou nou menm ak pitit nou kapab sove anba agoni ak soufrans lagè lòt moun te sibi. . . .”

— “Fireside Chat,” Prezidan Franklin D. Roosevelt
29 Desanm, 1940

30 Nan deklarasyon sa a Prezidan Franklin D. Roosevelt tap mande nasyon an pou

- (1) sipòte yon deklarasyon lagè kont Nazi Alman yo
- (2) adopte politik kont ekspansyon
- (3) vinn jwenn Lig Nasyon yo
- (4) vinn tounen “asnal demokrasi” la

31 Ki faktè ki lakòz entènman Japonè Ameriken yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la?

- (1) Mank travay pandan lagè a
- (2) enfliyans prejije ras
- (3) ogmantasyon aktivite teyoris nan Kòt Lwès la
- (4) lapè pou travayè Japonè pa pran travay yo

32 Apre Dezyèm Gè Mondyal la, Eleanor Roosevelt te plis fè pale de li akòz

- (1) sipò li bay segregasyon rasyal nan lame Etazini
- (2) wòl li nan kreyasyon Deklarasyon Nasyonzini sou Dwa Moun
- (3) li pat dakò ak Gouvènman Truman nan
- (4) efò li pou fini ak pratik kache min nan tè yo

Sèvi ak desen anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 33 a.

Apreyou, Poukisa pa kounye a ?



Sous: Jay Norwood “Ding” Darling, 1945


33 Ki premye lide nan desen sa a ki te fèt nan lane 1945?

- (1) Lemonn bezwen zam nikleyè a sispann gaye.
- (2) Devlopman bonm atomik Kore ap fè menase lapè nan lemond.
- (3) Trete Vèsay la te reyisi anpeche Dezyèm Gè Mondyal la.
- (4) Yo dwe kritike Lalmay pou tèt li sèvi ak bonm atomik.

34 Pandan kòmansman lane 1950 yo, yo te kritike taktik Senatè Joseph McCarthy yo akòz li

- (1) te vyole libète konstitisyonèl ki enpòtan
- (2) te rantre prejije ras nan kesyon li yo
- (3) pat dakò ak itilizasyon sèman lwayal
- (4) te mete sou kote prèv espyonaj Sovyetik yo

Sèvi ak graf ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 35 la.



Sous: *The Americans: In Depth Resources*, McDougal Littel, 1998 (adapte)

35 Enfòmasyon ki nan graf la montre Plan Machal la tap eseye anpeche kominis gaye nan Lewòp lè li

- (1) bay Lafrans ak Grann Bretay èd militè
- (2) retounen ak establiite ekonomik nan Lwès Lewòp
- (3) ankouraje revolisyon domestik nan Lewòp
- (4) fè nasyon Ewopeyen yo depann de Nasyonzini

36 Ki estrateji etidyan Afrikenameriken te itilize lè yo te refize kite zòn pou manje “ki pou blan sèlman” nan Greensboro, nan Kawolindinò, nan lane 1960?

- (1) boykòt ekonomik
- (2) grèv grangou
- (3) siyen petisyon
- (4) dezobeysans sivil

37 “...Nou chwazi pou nou ale nan lalin. Nou chwazi pou ale nan lalin nan deseni sa a epi fè lòt bagay, pa paske yo fasil, men akòz yo difisil, akòz bi sa a ap sèvi pou òganize epi montre pi bon enèji ak talan nou genyen, akòz defi sa a se yonn nou vle aksepte, yonn nou pa vle kite pou apre, yonn nou gen entansyon genyen, ak lòt yo tou ...”

— Diskou Prezidan John F. Kennedy, nan Rice University, 12 Sektanm, 1962

Premye objektif diskou sa a se te pou jwenn sipò piblik la pou

- (1) mete yon sistèm misil defans nan Lalin
- (2) koopere ak peyi kominis yo pou eksplòre lespas
- (3) depase Inyon Sovyetik nan batay pou al nan lespas
- (4) anpeche zam nikleyè gaye

38 Egzijans pou enfòmè tout moun yo arete sou dwa legal yo se rezilta

- (1) pratik yo pran nan lwa komen Angle yo
- (2) lwa Kongrè a pase
- (3) desizyon Lakou Siprèm Etazini
- (4) deklarasyon espesifik nan premye Konstitisyon Etazini an

39 Ki deklarasyon ki pi byen dekri yon enpak eskandal Watèget la sou sosyete Ameriken an?


- (1) Mouvman anviwonmantal modèn nan te kòmanse.
- (2) Konfyans pèp la nan gouvènman an diminye.
- (3) Kantite moun ki patisipe nan eleksyon ogmante.
- (4) Resesyon ekonomik la fini.

40 Patipasyon Etazini nan Lagè Vyetnam nan te chita an pati sou yon volonte pou

- (1) anpeche lòt ekspansyonis Japonè nan Pasifik la
- (2) asire aksè yon bon kantite lwil ki sòti nan Mwayennoryan
- (3) kenbe kominis an Sidès Lazi
- (4) pwoteje enterè biznis Ameriken nan Lachin

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 41 ak 42 yo. Kat sa a montre eta kote yo te ranfòse segregasyon nan lekòl piblik yo ak lalwa jiska lane 1954.

Desegregasyon nan lekòl piblik nan sid, 1954-1964



Sous: Mary Beth Norton et al., *A People and a Nation*, Houghton Mifflin, 1986 (adapte)

41 Enfòmasyon ki nan kat sa a sipòte pi plis ak lè konklizyon padan lane 1964 desegregasyon rasyal nan lekòl nan Sid yo te

- (1) tonbe nan Oklaoma, Misouri, Kentèki, ak Lwès Vijinya
- (2) jwenn sipò majorite votè nan Sid
- (3) fèt nan yon to diferan nan eta nan Sid yo
- (4) fini nan mitan lane 1960 yo

42 Desegregasyon nan lekòl yo kat la montre a te afekte plis ak

- (1) mouvman Ku Klux Klan ki tonbe
- (2) amannman dwa egal la ki te adopte
- (3) plis Afrikenameriken gen dwa pou vote
- (4) desizyon Lakou Siprèm nan dosye *Brown kont Depatman Edikasyon an nan Topeka*

43 The Cuban missile crisis (1962) influenced kriz misil kiben an (1962) te enfluyans desizyon Prezidan John F. Kennedy pou

- (1) negosye ak Inyon Sovyetik Akò sou Entèdiksyon Tès Nikleyè limite a
- (2) redwi angajman nasyon an nan Trete Òganizasyon Atlantik Nò a (OTAN)
- (3) anpeche Ameriken pou fè komès epi vwayaje nan Amerik Latin
- (4) voye volontè Pis Kò (Peace Corps) pou ede peyi ki devlope

44 **“Gorbachev Pwopoze Redwi Pwodiksyon Zam Nikleyè”**

“Moun Bèlen Vwayaje ak tout Libète Ant Lès ak Lwès”


“Larisi ap Chèche rantre nan OTAN”

Yo asosye tit sa yo pi plis ak

- (1) kous pou zam militè
- (2) chirepit lagèfwad la ki desann
- (3) politik kont ekspansyon an ki pa mache
- (4) siksè kominis nan Inyon Sovyetik

Sèvi ak graf anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 45 la.

Pousantaj moun ka p vote ki di yo se:



Sous: The Gallup Organization. Bruce S. Glassman, ed, *Macmillan Visual Almanac*, Blackbirch Press, 1996 (adapte)

45 Dapre enfòmasyon ki nan graf la ant 1988 ak 1993, te gen yon gran bezwen pou kandida gwo pati politik yo jwenn sipò

- (1) minorite etnik yo
- (2) granmoun yo
- (3) votè endepandan yo
- (4) vòt travayè yo

46 *The Jungle* Upton Sinclair te ekri ak *Unsafe at any Speed* Ralph Nader te ekri tou de liv sa yo te pibliye pou

- (1) fè konnen vyolans ki t ap monte nan sosyete Ameriken an
- (2) montre yon moun pòv kapab vinn rich si li travay di
- (3) ankouraje refòm nan imigrasyon
- (4) fè piblik la konnen kijan kèk pwodwi pa bon kalite

47 Gouvènman federal la ranfòse lwa kont monopòl la nan jijman kont Konpayi Northern Securities, AT&T, ak Microsoft nan yon jefò pou

- (1) ogmante konpetisyon ant biznis
- (2) fè biznis ki enpòtan yo vinn nasyonal
- (3) amelyore konfyans piblik la nan chèf gwo biznis yo
- (4) mennen plis lajan pou investisman

48 Etazini rantre ann Ayiti ak Bosni nan lane 1990 yo pou

- (1) jwenn aksè ak nouvo mache
- (2) gen koloni pou yon anpi ekonomik
- (3) sispann goumen anndan nasyon an
- (4) kwape komès dwòg entènasyonal

49 Ki tit ki pi ale ak lis ki pa fini sa a ki anba a?

- I. _____
- A. Bèlen
 - B. Lalmay
 - C. Kore
 - D. Vyetnam

- (1) Zòn ki divize akòz Lagè
- (2) Pi gwo Alye Etazini
- (3) Moun ki te premye siyen Chat Lig Nasyon yo
- (4) Nasyon ki pat pran pati pandan Dezyèm Gè Mondyal la

50 Ki deklarasyon sou jijman pou mete atè Prezidan Andrew Johnson ak Prezidan Bill Clinton ki pi vre?

- (1) Chanm Reprèzantan an pat vote pou atik pou mete prezidan yo atè
- (2) Se sèl Prezidan Johnson yo te kondane epi retire l kòm prezidan
- (3) Se sèl Prezidan Clinton yo te kondane epi retire l kòm prezidan
- (4) Sena a pat kondane yonn nan prezidan yo

Repons kesyon redaksyon yo dwe ekri nan ti liv redaksyon ki apa a.

Nan devlopman repons ou pou Pati II, fòk ou panse a definisyon jeneral sa yo:

- (a) **diskite** vle di “fè obzèvasyon sou yon bagay ak itilizasyon reyalyte, rezònman, ak agiman; prezante ak detay”
- (b) **dekri** vle di “ilistre yon bagay ak mo ou byen pale de li”

PATI II

KEYSON TEMATIK REDAKSYON

Direksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki adrese tach pi ba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Moun, Gwoup ak Enstitisyon — Pwoblèm moun pa antann sou yo

Anpil pwoblèm **domestik** moun pa antann sou yo divize pèp Ameriken an. Gouvènman Etazini an pran aksyon pou prezante pwoblèm sa yo.

Sa pou fè:

Bay **yon** pwoblèm **domestik** moun pa antann sou yo ki divize pèp Ameriken an

- Diskite fondasyon istorik sa moun pa antann sou li a
- Eksplike opinyon moun ki dakò ak pwoblèm nan
- Eksplike opinyon moun ki pa dakò ak pwoblèm nan
- Bay **yon** akson gouvènman ameriken an te pran pou prezante pwoblèm nan

Ou kapab itilize nenpòt pwoblèm **domestik** moun pa atann sou yo ki divize pèp Ameriken an. Kèk lide ou ta swete konsidere gen pou wè ak mete Endyen Natifnatal Ameriken yo nan rezèv, esklavaj, vòt fanm, entèdiksyon, anbochay timoun, ak politik sou imigrasyon san limit.

Ou pa bezwen rete sou lide sa yo sèlman.

Gid:

Nan redaksyon an, asire ou

- Devlope tout pati sa yo mande w fè a
- Kore tèm nan ak sa ki pase, egzanp, ak detay ki frapan.
- Fè yon plan lojik epi klè, ki gen ladan l yon entwodiksyon, ak yon konklizyon ki bay plis pase sa tèm nan di

Lè w ap bay repons ou pou Pati III a, asire w ou kenbe nan tèt ou sans jeneral sa a:

diskite vle di “fè obzèvasyon sou yon bagay ak itilizasyon reyalyite, rezònman, ak agiman; prezante ak detay”

PATI III

KESYON KI CHITA SOU YON DOKIMAN

Kesyon sa a chita sou dokiman ki avèk li yo. Kesyon an poze pou cheke kapasite w pou travay sou dokiman istorik. Yo korije kèk dokiman paske sa te nesèsè pou kesyon an. Pandan w ap analize dokiman yo, konsidere sous chak dokiman ak nenpòt opinyon ki te bay nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Pandan 19vyèm ak 20tyèm syèk yo, jeografi te enfliyanse anpil aksyon Etazini te pran pou agrandi teritwa li pou pwoteje enterè nasyonal li.

Sa pou fè: Sèvi ak enfòmasyon nan dokiman yo epi ak konesans ou sou istwa Etazini, reponn kesyon yo ki vinn apre chak dokiman nan Pati A a. Repons ou yo ap ede w ekri redaksyon Pati B a, kote yo pral mande w pou

- Diskite enfliyans jeografi sou ekspansyon teritwa **ak/oubyen** sou pwoteksyon enterè nasyonal Etazini pandan 19vyèm ak ventyèm syèk yo

Pati A

Kesyon ak Repons Kout


Eksplikasyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon yo ki vinn apre chak dokiman nan espas yo ba w la..

Dokiman 1a

. . .Objektif misyon w se pou eksplòre riyè Missouri; epi kèk kouran enpòtan nan riyè a, tankou kote li ale ak jan li konekte ak dlo Oseyan Pasifik yo, kapab pèmèt komunikasyon pi dirèk ak pi pratik nan kontinan an, pou fè komès. . . .

— Prezidan Thomas Jefferson, Enstriksyon bay Meriwether Lewis, 20 Jen, 1803;
 Libreri Kongrè Egzibisyon Thomas Jefferson

Dokiman 1b



- 1 Dapre dokiman sa a, bay **yon** rezon ki fè Prezidan Thomas Jefferson te bay Meriwether Lewis lòd pou eksplòre riyè Missouri. [1]

Score

Dokiman 2

. . . Apa sa peyi a te pèdi yo ap rejwenn, oubyen te riske [te mete an je] akòz diplomasi nou nan lane 1818, imigran yo nan Oregon ap rejwenn epi louvri pou nou *wout Amerikdinò pou mennen Ozend!* Ou jwenn wout sa a nan Pasaj Sid la, ak nan bouch [Rivye] Oregon; epi depi tout bagay fin regle, pati pa nou an nan kontinan Amerikdinò a ap kòmanse tou swit echanj ak Lazi sou nouvo wout nasyonal la. Mwen te eksplore gwo kesyon sa a kèk ane deja, epi mwen sèlman pale de li kounye a pou gade bèl destine k ap tann popilasyon vale Oregon an.

Gen vennde lane konsa, Prezidan Monroe, nan yon mesaj bay 2 Chanm Kongrè a, deklare prensip ki fondamantal nan politik Ameriken an, ki fè konnen pa gen okenn pati nan Amerikdinò ki louvri pou kolonizasyon, dominasyon, entèferans, oubyen nenpòt enfliyans Ewopeyen [Doktrin Monroe]. Deklarasyon sa a te gen rapò ak Grann Bretay ak Oregon [rejyon], epi li jwenn repons li nan kè tout Ameriken. Tan ki pase pa fè repons sa a vin pi fèb, men li rann li pi fò; epi si okenn pisans Ewopeyen ta devlope yon lide sou Tekzas, repons sa a ale pou li tou. . . .

Sous: Senatè Thomas Hart Benton, Diskou nan Sena a sou Teritwa Oregon an, 3 Jen, 1844, *Congressional Globe*, 28èm Kongrè, 1mye Sesyon

2a Dapre dokiman sa a, kòman Etazini ap benefisye si li gen kontwòl Oregon? [1]

Score

2b Dapre dokiman sa a, kòman Senatè Benton itilize Doktrin Monroe a pou jistifye kontwòl Etazini sou Teritwa Oregon an? [1]

Score

Dokiman 3a

“Sou wout pou nou ale Rio Grande”

Meksiken yo sou tè nou
Nan lagè a yo swete nou mele
Yo eseye sa yo kapab pou fè nou sote [trakase]
Yo touye solda nou yo nan Tekzas
Nou sou wout pou nou ale Rio Grande
Sou wout pou nou ale Rio Grande
Sou wout pou nou ale Rio Grande
Epi ak zam [fisi] yo ap jwenn nou pare. . . .

Sous: George Washington Dixon, 1846 chante sou lagè Meksiken an; Erik Bruun ak Jay Crosby, eds. *Our Nation's Archive*, Black Dog & Leventhal Publishers, 1999

Dokiman 3b

Anvan lagè Meksiken an, Prezidan Polk voye John Slidell, yon negosyatè ameriken, Meksik pou regle konfli ant de nasyon yo.

. . . Epi toujou, nan mesaj li [Prezidan Polk] 7 Desanm, 1847, “Gouvènman Meksiken an refize tandè tèm ajisteman li (minis lapè nou an) te otorize pwopoze, epi alafen, anba yon bann pretèks [rezon] ki pa jistifye, te mennen tou de peyi yo nan lagè, lè li anvayi eta Tekzas, tire an premye, epi fè san sitwayen nou koule sou *pwòp tè nou*.”
Epi si Chanm [nan Reprezantan] yo vle konnen tout sa ki pase ki pral etabli si kote egzaktman san sitwayen nou yo koule nan moman sa a te *sou tè nou* oubyen pa *sou tè nou*:

Sous: Abraham Lincoln, “Spot” Rezolisyon nan Chanm Reprezantan an, 22 Desanm, 1847; Congressional Globe, 30tyèm Kongrè, 1mye Sesyon

3 Dapre dokiman sa yo, ki wòl Rio Grande te jwe nan lagè Meksiken an? [1]

Score

Dokiman 4

Mwen pwopoze nan lèt sa a pou bay kèk konsiderasyon pou mwen menm ki valab epi posib, pou konstwi prese prese yon wout tren, pou konekte rezo ray tren lès nou yo ak dlo nan Oseyan Pasifik yo. . . .

6. Nou deja depanse kèk milyon dola nan konstriksyon, epi gen ijans pou nou depanse plis toujou. Espesyalman nan Pasifik la demann la ijan pou konstriksyon ray tren sa yo. Mwen pa deside ak ki vitès oubyen jiskibò nou ta kapab oubyen ta dwe reponn ak demann sa a; men mwen di yon wout tren nan Pasifik la, kote moun ki gen fizi yo k ap viv nan mòn yo kapab pran 3 jou pou rive nan Pasifik la, epi sa k ap viv nan Missouri yo ap pran dis, ap pote plis sekirite pou Sann Fransisko pase tout gwo konstriksyon ki koute chè sa yo. . . .

Men ase sou pawòl sa a [sijè].

Yon atik pa sifi pou gade avantaj sosyal, moral ak entèlekyèl yon wout tren nan Pasifik la kapab pote. Sa mwen di la a ase.

1. Se bato ki pote lèt nou yo vini nan Kalifòni epi pote yo ale, pase pa Panama, nan ven ak trant jou, chak kenzènn. Tan mwayen lèt la pran nan eta nan Atlantik yo sòti nan men moun ki ekri li ya pou rive jwenn moun yo voye l bay la nan Pasifik la se trant jou. Ak yon wout tren nan Pasifik la, sa ap redwi a dis jou; lèt ki sòti Ìlinwa oubyen Michigan yo ap rive nan konte ki gen min Kalifòni yo pi vit pase lèt ki sòti Nouyòk oubyen Filadèlfi pou rive Sann Fransisko. Ak lèt k ap vini chak jou pa tren sòti nan chak vil nan Atlantik yo pou ale epi sòti Kalifòni, li posib pou kantite lèt yo ak lòt dokiman enprime, epi kidonk tenm, ap kat fwa pi rapid. . . .

Sous: Horace Greeley, *An Kontinyeland Journey from New York to San Francisco*, in *The Summer of 1859*, C. M. Saxton, Barker & Co., 1860

- 4 Dapre dokiman sa a, bay **de** fason yon wout tren ki mennen nan Pasifik la t ap ede rezoud pwoblèm jeografik distans la. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 5

. . . Nou vin konprann kounye a Senatè yo ak lòt moun tou gran teritwa [Alaska] Sekretè Seward te pwopoze pou nou te achte a gen yon pi gran valè, relatif epi pou kont pa li, pase jan moun ki pat dakò ak lide a te fè konprann. Nou pa bay anpil enpòtans ak opinyon yon ofisye distenge, ki fè konnen “valè” nasyonal nou t ap vin pi fò si nou te achte Larisi Amerik la; epi nou pa kapab bay yon pakèt lòt pwen ki te rekòmande okenn pwa. Men lè li klè twou *chabon*“ ap frape chan Sitka,” epi lè Commodore Rodgers pale sou kwasans tenm ki gen yon valè patikilye sou kòt Pasifik la ki ap gen anyen, epi lè otorite yo pale nou de *lapèch*, kote richès li kapab pa janm gen vre valè, epi ki ap posib pou vinn tounen enpòtan pou nou nan nouvo jenerasyon an menm jan ak Newfoundland yo ye kounye a; epi lè pi lwen se yon jounal Boston ki fè nou sonje gran lapèch *labalèn* nan Pasifik Nò a ak Detwa Behrings, Masachousèt enterese anpil, nou gen bagay ki dwe atire atansyon nou ki apresye bò isit la menm jan ak nan kòt Pasifik la. Epi lè anplis tout konsiderasyon sa yo, nou sonje nan kòmansman echanj Lachin ak Japon—nou te espere wè devlope nan gwo pwopòsyon sa a nan yon ka syèk—zile Alesyan ki, te rantre nan separasyon yo te pwopoze a, kanpe prèske tankou yon mwatye estasyon—wout ant de kontinan yo ale lwen nan Nò pandan ya p swiv gwo sèk la epi kouran li yo; epi anplis zile sa yo sanble ap bay plis posibilite estasyon kòman nan lanmè nan pati sa a nan oseyan an—tout moun dwe aksepte kesyon an se nan tout nivo yonn nan relasyon nan kontinan. Nou pa ka doute lide konsa Senatè yo mezire yo semèn pase, epi yo ap gen pouvwa nan vòt Senatè yo lè y ap fè desizyon sa yo pou Trete a. . . .

Sous: “The Russian Treaty Before the Senate”, *The New York Times*, 8 Avril, 1867 (adapte)

5 Dapre dokiman sa a, bay **de** avantaj jeografik pou achte Alaska. [2]

(1) _____


Score

(2) _____

Score

Dokiman 6

Ekspansyon Etazini, 1857-1903



Sous: Briggs and Fish-Petersen, *Brief Review in United States History and Government*, Prentice Hall, 2001 (adapte)

6 Dapre kat sa a, kòman kote posesyon sa yo ye avanse oubyen pwoteje enterè Etazini yo? [1]

Score

Dokiman 7

. . . Genyen kèk nan nou menm lontan ki te fèmen je nou sou sa ki ap pase lòt kote—paske nou te kwè nan tout konfyans sa Ameriken parèy nou te di nou—sa ki tap pase nan Lewòp pa gade nou; kèlkelanswa sa ki pase lòt bò a, Etazini kapab toujou kontinye ak lapè wout pa li nan lemond.

Genyen kèk nan nou menm ki te fèmen zye nou, akòz nou pa gen enterè oubyen nou pa konnen; nan lonè ak senserite nou panse plizyè santèn mil dlo sale fè Emisfè Ameriken an tèlman lwen, moun nan Nò, nan Sant ak nan Sid Amerik la te kapab viv nan mitan pakèt resous yo genyen san referans, oubyen san menas, lòt Kontinan nan lemond.

Genyen kèk nan nou menm gwoup minorite yo te fè kwè nou te kapab kenbe sekirite fizik nou lè nou rete nan limit kontinan nou yo—Atlantik nan lès, Pasifik nan lwès, Kanada nan Nò ak Meksik nan Sid. Mwen te demontre lide sa a pa vo anyen—li enposib—nan Mesaj mwen bay Kongrè a semèn pase. Kidonk, yon politik defans ki chita sou lide sa a ap lakòz yo atake nou nan lavni. . .

— Prezidan Franklin D. Roosevelt,
Mesaj nan Radyo “On National Defense”, 26 Me, 1940; Bibliyotèk FDR.

7 Dapre dokiman sa a, poukisa kèk te moun kwè Etazini pat gen menas etranje sou tèt yo? [1]

Score

Dokiman 8



Sous: James H. Hansen, "Soviet Deception in the Cuban Missile Crisis," *Studies in Intelligence: Journal of the American Intelligence Professional*, 2002 (adapte)

8 Dapre kat sa a, ki wòl jeografi jwe nan kriz misil Kiben an? [1]

Score

Dokiman 9

Enterè Etazini nan Gòf Pèsik la enpòtan pou sekirite nasyonal la. Entère sa yo se aksè ak lwil epi sekirite ak establiite peyi zanmi ki enpòtan nan rejyon an. Etazini ap defann enterè li ki enpòtan nan zòn sa a, ak itilizasyon fòs militè si sa nesèsè epi nòmral, kont nenpòt pouvwa ki gen enterè yo ki pa menm [ostil] ak pa nou. Etazini ap sipòte tou defans apa oubyen ansanm peyi li zanmi ak yo ap fè nan zòn nan pou pèmèt yo jwe yon wòl pi aktif nan defans pa yo. Etazini ap ankouraje yon bon demonstrasyon sipò ak patisipasyon alye li yo ak lòt peyi zanmi nan yon enterè tèt ansanm nan rejyon Gòf Pèsik la. . . .

Sous: Direktik Sekirite Nasyonal 45, "U.S. Policy in Response to the Iraqi invasion of Kuwait"
20/08/1990, Bibliyotèk George H. W. Bush

9 Dapre dokiman sa a, bay **yon** fason enterè nasyonal Etazini yo nan Gof Pèsik la te afekte akòz jeografi?

Score

Pati B Redaksyon

Eksplikasyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Sèvi ak prèv pou *pi piti senk* dokiman nan kò redaksyon an. Kore repons ou ak sa ki pase, egzanp, ak detay ki frapan. Mete lòt enfòmasyon ki pa nan dokiman an.

Kontèks:

Pandan 19vyèm ak 29tyèm syèk yo, jeografi te enfliyanse anpil aksyon Etazini te pran pou agrandi teritwa li yo oubyen pou pwoteje enterè nasyonal li yo.

Sa pou fè:

Sèvi ak enfòmasyon nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa Etazini po ekri yon redaksyon kote w ap

- Diskite enfliyans jeografik sou ekspansyon teritwa a *ak/oubyen* sou pwoteksyon enterè nasyonal Etazini pandan 19vyèm ak ventyèm syèk yo

Gid:

Nan redaksyon an, asire ou

- Devlope tout pati nan sa yo mande w fè a
- Mete enfòmasyon ki sòti nan *pi piti senk* dokiman
- Mete lòt enfòmasyon ki frapan ki pa nan dokiman an
- Kore tèm nan ak sa ki pase, egzanp, ak detay ki frapan.
- Fè yon plan lojik epi klè, ki gen ladan l yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki bay plis pase sa tèm nan di

ISTWA AK
GOUVÈNMAN ETAZINI

Jedi, 26 Janye, 2006 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

FÈY REPONS

Non Elèv la Sex: Gason Fi

Non Pwofesè a

Non Lekòl a

Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons sa a, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa a.

- 1..... 26
- 2..... 27
- 3..... 28
- 4..... 29
- 5..... 30
- 6..... 31
- 7..... 32
- 8..... 33
- 9..... 34
- 10..... 35
- 11..... 36
- 12..... 37
- 13..... 38
- 14..... 39
- 15..... 40
- 16..... 41
- 17..... 42
- 18..... 43
- 19..... 44
- 20..... 45
- 21..... 46
- 22..... 47
- 23..... 48
- 24..... 49
- 25..... 50

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____

Part III A Score _____

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score _____

Part III B Essay Score _____

Total Essay Score

Final Score

No. Right

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, jiska lè egzamen an fini, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

